



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU EPA ETABLI ESTANDA KI KLÈ YO KA FÈ  
RESPEKTE POU 1,4-DYOKSANN (1,4-DIOXANE) NAN DLO POTAB YO**

*Komisè Zucker, Komisè Seggos, Manm Asanble Englebright, Egzekitif Konte  
Suffolk la, Steve Bellone ak Fonksyonè Konte yo te fè Reyinyon Tab Wond nan  
SUNY Stony Brook epi yo te Siyen Lèt Gouvènè a Voye Bay EPA a*

*Lèt yo te Siyen an Mandè pou EPA Etabli Nivo Maksimòm Kontaminan (Maximum  
Contaminant Level, MCL) pou 1,4-Dyoksann lan*

*New York Prè pou Rasanble yon Panèl Konsiltatif pou Etabli Nivo Eta si EPA Pa  
Aji nan yon Dèlè Apwopriye*

*“Asire dlo potab pwòp se yon pwoblèm ki afekte kominote nan kat kwen peyi a  
yo, epi li mande lidèchip desizif gouvènman federal la.”*

*Klike [Isit la](#) pou Wè Lèt la epi Klike [Isit la](#) pou Foto Diskisyon Tab Wond lan ki te  
fèt sou Kalite Dlo Long Island lan*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York la fè demann fòmèl pou Ajans Federal pou Pwoteksyon Anviwonman an (Environmental Protection Agency, EPA) etabli yon estanda ofisyèl pou dlo potab ki konsène kontaminan 1,4-Dyoksann gouvènman federal la pa reglemante a. Anba Lwa Federal sou Salibrite Dlo Potab la (Federal Safe Drinking Water Act), EPA gen otorite prensipal pou reglemante kalite dlo potab. Nivo Maksimòm Kontaminan se limit legal EPA etabli pou limite kantite yon sibstans ki ka genyen nan sistèm dlo piblik yo.

Après diskisyon tab wond sou kalite dlo Long Island lan Gouvènè Cuomo te òganize nan Inivèsite Stony Brook la, moun swivan sa yo te siyen ansanm ak Gouvènè Cuomo yon lèt fòmèl ki mande pou EPA ranpli obligasyon l epi etabli yon Nivo Kontaminan Maksimòm (MCL) pou 1,4-Dyoksann lan:

- Komisè Depatman Sante Eta New York la (New York State Health), Doktè Howard Zucker

- Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman an (New York State Environmental Conservation), Basil Seggos
- Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone
- Prezidan Konsèvasyon Anviwonman Asanble Eta New York la (New York State Assembly Environmental Conservation), Steve Englebright
- Komisè Sante Konte Suffolk la, Doktè James Tomarken
- Lejislatè Konte Suffolk la, Kara Hahn
- PDG Otorite Dlo Konte Suffolk la (Suffolk County Water Authority), Jeff Szabo
- Direktè Sant Stony Brook pou Teknoloji Dlo Pwòp la (Stony Brook Center for Clean Water Technology), Doktè Harold Walker

[Lèt la](#) endike klèman se yon pwoblèm ki egziste onivo nasyonal, men si gouvènman federal la pa pran mezi nesèsè pou reglemante 1,4-Dyoksann, New York pral etabli yon nivo MCL pou eta a:

*“Pandan gen nouvo kontaminan k ap kontinye parèt tanzantan nan kominote atravè tout peyi a yo, yo pa dwe kite eta yo pou yo defann tèt yo pou kont yo. Gouvènman federal la dwe founi gid reyalizab sou meyè pratik pou retire 1,4-Dyoksann nan dlo potab yo, yo dwe envesti nan teknoloji tretman dlo depwent, epi etabli limit MCL pou pwoteje sante piblik la.”*

*“Si EPA pa aji nan yon dèl apwopriye, Eta New York la pral rasanble yon panèl espesyalis konsiltatif pou etabli limit MCL onivo eta a. Fòn pa twonpe nou, sa se yon pwoblèm ki egziste onivo nasyonal ki mande pou genyen yon estanda nasyonal konsistan, men Eta New York la prè pou l aji an absans lidèchip federal la. Nou tout ap ankouraje EPA nan yon fason kolektif pou l pwomilge yon règleman ki etabli limit MCL pou 1,4-dyoksann ki klè, yo ka fè respekte pou yo ka pwoteje non sèlman Nouyòkè yo, men tout ameriken nèt nan yon fason ekitab.”*

Jiskaprezan, non sèlman EPA pa te pran mezi pou etabli yon limit MCL pou kontaminan sa a, menm gen yon pwèn fèb nan egzansyon federal yo pou sistèm dlo piblik k ap sèvi mwens pase 10,000 abitan kote yo pa menm bezwen teste pou kontaminan ki pa reglemante onivo federal yo tankou kontaminan 1,4-dyoksann lan.

Malgre inaksyon gouvènman federal la, Eta New York la te leve kanpe anba lidèchip Gouvènè Cuomo pou l konble vid la epi asire aksè a dlo potab pwòp toupatou nan eta a.

- Pi resaman, Gouvènè Cuomo te pwopoze yon investisman istorik \$2 milya nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif (Executive Budget) li a ki pral rekonstwi ak repare enfrastrikti dlo enpòtan eta a.
- Ane pase, Gouvènè a te etabli Ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo a (Water Quality Rapid Response Team) pou yo idantifye ak rezoud enkyetid konsènan kontaminasyon dlo potab yo atravè tout eta a. Ekip Repons Rapid la t ap travay pou yo idantifye rapidman epi rezoud pwoblèm ki genyen sou kalite dlo potab atravè eta yo, epi vanse vè lavan avèk yon pwopozisyon agresif pou asire yo fè prelevman nan tout sistèm dlo piblik Long Island yo -- kèlke swa gwosè yo.
- An Septanm 2016, Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health) te apwouve yon nouvo, teknoloji tretman dlo ki itilize Pwosisyon Oksidatif Avanse (Advanced Oxidative Process) pou retire 1,4-dyoksann nan dlo potab yo. Pwojè pilòt sa a esansyèl padan eta ap rantabilize nouvo teknoloji pou l ka rete antèt pwoblèm ki konsène kalite dlo k ap parèt atravè New York yo.
- Gouvènè Cuomo te akòde resaman Sant Eta New York pou Teknoloji Dlo Pwòp nan SUNY Stony Brook la \$5 milyon tou pou rantabilize inovasyon ak pwomouvwa avansman nan teknoloji dlo pwòp yo. Yo te mete aksan sou travay sa a ki pral gen ladan l devlopman ak avansman teknoloji tretman dlo yo pou trete 1,4-dyoksann.
- Depatman Konsèvasyon Anviwonman an ap pran mezi tou pou prevni dechaj 1,4-dyoksann k ap soti nan sal lavaj yo lè yo egzije kèk sal lavaj nan Konte Suffolk yo pou yo preleve 1,4-dyoksann kòm kondisyon nouvo Sistèm Eliminasyon Dechaj Polisyon Eta a yo (State Pollution Discharge Elimination System, oswa SPDES) pou lisans yo.
- DEC pral kòmanse egzije tout sit Superfund Eta yo pou yo teste pou 1,4-dyoksann. Depandaman de rezilta prelevman yo, DEC pral pran mezi apwopriye pou fè respekte estanda anba otorite Superfund Eta a (State Superfund) pou yo redwi 1,4-dyoksann kòmanse depi nan sous li.

###